

Countdown to Kindergarten (Konte Desann Sou Matènèl Paj Denfòmasyon)

NOTE SOUPLE: Sezon lete sa a, “BPS” konsidere agrandi, relokalize, e konsolide kèk lekòl. Sa pral aji sou chwa pou lane eskolè 2009–2010 yo. Kèk lekòl ka demenaje, chanje nivo klas yo, ou pa la ankò. Chanjman sa yo ka gen enpak tou sou règleman nan plasman ak transpò elèv. Kòm rezilta, nou ka chanje enfòmasyon sa yo ki pral suiv yo tou. Nou mande w vizite nou nan "www.bostonpublicschools.org/pathways" pou tout dènye enfòmasyon konsènan chwa lekòl ou yo.

- Paj #1:** Konte Desann Sou Matènèl (Kindègadenn) nan BPS
Enfòmasyon Enpòtan pou Kontakte BPS
- Paj #2:** Chwazi Lekòl yo
Yon Lis Mo
- Paj #3:** Vizite Bilten Travay Lekòl yo
- Paj #4:** Enskripsyon pou Kindègadenn nan BPS
- Paj #5:** Tout Kozman Konsènan Klas Kindègadenn BPS yo
Sèvis Anvan- epi - Aprè-Klas; Transpòtasyon
-

Pou plis enfòmasyon sou pwogram ak aktivite matènèl ou Kindègadenn sa yo ou ka fè lakay pou w ankouraje ranmasaj konesans, plis lòt enfòmasyon pou w toujou prè pou lekòl, rele nimewo telefòn “hotline” nou an ki se 617-635-3276 oubyen vizite “website” nou: www.countdowntokindergarten.org

DAT DEWOULMAN (TIMELINE): **“Counting Down to Kindergarten” nan Lekòl Piblik Boston**

Novanm 2008 – Janvyè 2009: *EKSPLORÈ OPSYON LEKÒL YO*

- Rele youn nan “Family Resource Centers” ki nan lis → “register for schools” → “school choice” → “what are my schools” oubyen vizite nou nan website: www.bostonpublicschools.org pou w jwenn nan ki lekòl pitit ou an ka aplike.
- Tchyeke “**School Preview Time**” sòti nan **3 Novanm rive 23 Janvyè**, lè lekòl yo ouvri pòt yo pou w ka vizite pou w konnen kisa y ap ofri. Nou gen yon orè vizit lekòl yo sou “Internet” ak nan tout Sant Resous Fanmi BPS yo, nan Bibliyotèk Piblik Boston yo, ak nan anpil lòt kote.
- Patisipe nan “**BPS Showcase of Schools**” nan dat **13 Desanm, de 1:00-4:00 PM**, nan “Reggie Lewis Track & Field Center” an. Ou pral fè konesans ak direktè e pwofesè lekòl yo, w ap wè travay elèv lekòl yo reyalize. Se meyè fason pou w aprann sa k ap rive nan lekòl yo nan yon grenn jou.

5 Janvyè – 6 Fevriye, 2009: *ENSKRIPSYON POU LEKÒL*

- Vizite nenpòt “Family Resource Center” ou youn nan sikisal sant sa yo pou w enskri. Tchyeke Internet, rele 617-63-LEARN, ou 617-635-6816 pou zòn ak lè.
- Ou dwe mete omwens 5 lekòl nan lis (pi plis pi bon) ki sou fòmilè denskrripsyon w lan, e ou dwe prezante divès dokiman tou n ap mande (gade anndan an).
 - Si Anglè an pa lang matènèl ou, nou ka bay pitit ou an yon ti tès langaj kout pou n wè si li kalifye pou plasman espesyal nan lekòl ki sipòte ansèyman nan lang Anglè an, rele “SEI”.

Prentan 2009: *TAN POU PLASMAN NAN LEKÒL OU AN RIVE*

- Fanmi ki enskri nan premye tou yo (5 Janvyè – 6 Fevriye) ap jwenn plasman pou lekòl pa yo nan lapòs nan mitan mwa Mas lan. *(Si w pami detwa fanmi sa yo ki pa jwenn plasman pou lekòl yo te enskr yoi, tounen tousuit nan yon “Family Resource Center” pou w aplike pou lekòl ki ankò gen plas vid yo.)*
- Lekòl tounèf pitit ou an pral envite w nan fete labyenvni “Welcome Session” pou w wè salklas yo, pale ak dirètè epi pwofesè, epi fè konesans ak lòt fanmi.

Out - Septanm 2009: *SELEBRE KÒMANSMAN KLAS YO!*

- Siveye lèt n ap voye pou n envite w patisipe nan fèt “citywide Kindergarten Celebration” nan “Boston Children’s Museum” lan nan fen mwa Out lan.
- Si pitit ou an elijib pou transpò nan otobis jòn lekòl yo, n ap poste enfòmasyon sou otobis lan pou ou nan 2èm kenzen mwa Dout lan.
- **Klas “Kindergarten” ap kòmanse jou Lendi aprè “Labor Day” an.** Timoun yo dwe mete mayo jòn yo “I’m going to kindergarten” nan premye jou sa a

No. Telefòn Enpòtan nan “BPS” & Enfòmasyon Debaz

- Telefòn biwo santral Lekòl Piblik Boston (BPS) : (617) 635-9000
- “BPS website”: www.bostonpublicschools.org
- No. lekòl anka pwoblèm (School Hotline) (Out e Sept.; Janv.): (617) 635-9046
- Edikasyon espesyal (Special Education): (617) 635-8599
- Transpò (Transportation): (617) 635-9520
- Timoun k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learners): (617) 635-9435
- Sèvis manje (Food and Nutrition Services): (617) 635-9144
- Inite elèv ki pa gen kay (Homeless Student Unit): (617) 635-8037
- Sèvis aprè klas (Extended Learning Time, After School Services): (617) 635-1578
- Komite Lekòl Boston (Boston School Committee): (617) 635-9014

BPS Sant Resous Fanmi (FRCs):

Lè yo fonksyone: 8:30 AM – 5:00 PM

Zòn Lès

**1216 Dorchester Ave
Dorchester, MA
(617) 635-8015**

(bay èd nan Anglè, Panyòl,
Pòtigè, Vyetnamiyen,
& Kreyòl Kap Vèdyen)

Zòn Nò

**55 Malcolm X Blvd.
Roxbury, MA
(617) 635-9010**

(bay èd nan Anglè, Panyòl,
Chinwa, Grèk, Arabik, Somali,
Pòtigè, Vyetnamiyen,
Fransè, Kreyòl Ayisyen
& Kreyòl Kap Vèdyen)

Zòn Lwès

**515 Hyde Park Ave
Roslindale, MA
(617) 635-8040**

(bay ed nan Anglè, Panyòl,
Kreyòl Kap Vèdyen,
Kreyòl Ayisyen & Fransè)

Pi plis “sites” – Pou sèlman peryòd enskripsyon premye tou (First Round):

~ “East Boston”: 5 Janvyè – 6 Fevriye, 2009 ~ “City Hall”: 12 – 16 Janvyè, 2009 ~
“Jackson Mann”: 26 Janvyè- 30 Janvyè 2009

FRC Zòn Lès lan ap ouvri samdi k ap 10, 17, 24 e 31 Janvyè, 9:00 AM -12:00 PM.

Lèt Resous:

- **Liy Enfòmasyon pou “Countdown to Kindergarten”:** (617) 63LEARN
- **“Website Countdown”:** www.countdowntokindergarten.org
- **Konsèy Paran Lavil yo (Citywide Parents Council):** (617) 635-9210
- **“Child Care Choices of Boston”** (Plis chwa pou K0-K2): (617) 348-6641
- **Konsèy Paran Bileng (Bilingual Parent Advisory Councils):** (617) 635-8339
- **“Boston Parents Organizing Network”:** (617) 373-5922
- **“BOSTNET”** (resous pou pwogram lekòl anvan-klas e aprè-klas): (617) 720-1290
- **“BOSTONavigator”** (plas kote w ka jwenn bon pwogram an deyò tan lekòl [Out-of-School Time programs] nan lavil Boston): www.bostonnavigator.org
- **Piblikasyon Enpòtan nan “BPS”** (disponib sou Internet oubyen nan Sant Resous Fanmi yo “F.R.C.”): *“Introducing the Boston Public Schools”* (ki dekri chak lekòl nan dives lang) epi *“Guide to the Boston Public Schools for Families and Students”*

Chwazi Lekòl yo:

Yon Paj ki Gen Apèsi (gade lòt bò an pou yon lis mo yo)

Lè yon fanmi ap enskri pou kindègadenn, chwa a ka gen kote l ap jwenn plasman nan lekòl a yon distans pi piti pase yon "mile" de lakay li, (kèlkeswa zòn lan), epi nenpòt lekòl nan lis jeneral lan (citywide listings). Vizite www.bostonpublicschools.org pou wè lekòl yo.

APÈSI: Chak lekòl gen yon bagay diferan pou l ofri w. Reflechi sou nesite piti ou an ak fanmi w. Konsidere kote lekòl lan ye, gwosè li, opòtinite pou anrichisman ("art", mizik, langaj, etc.), anseyan yo, anviwònman an, elatriye.

- Itilize paj aprè an (the *Visiting Schools Worksheet*) pou ede w konpare lekòl yo.

APÈSI: Gen divès fason pou w tchyeke lekòl yo:

- **Meyè fason se vizite yo nan previzyon an "School Preview Time!"** (Gade piba a.)
- Patisipe nan "**BPS Showcase of Schools**" dat 13 Desanm, 2008 de 1:00- 4:00 PM, nan "Reggie Lewis Track & Field Center" an pou w aprann anpil lekòl yon sèl kou.
- Vizite "website BPS" lan nan: www.bostonpublicschools.org.

APÈSI: 3 Novanm – 23 Janvyè se tan previzyon (School Preview Time - SPT), lè chak lekòl bay twa (3) vizit pou fanmi. Al wè lekòl lan, rankontre pwofesè yo, poze kesyon. W ap jwenn orè an nan www.countdowntokindergarten.org oubyen vizite nenpòt bibliyotèk ou youn nan Sant Resous Fanmi BPS yo.

APÈSI: Boston itilize yon plan chwa plasman kontwòle epi **se avèk konpyoutè plasma yo fèt.** Pou w gen plis chans jwenn plasman pami chwa w yo:

- Enskri nan **premye tou an (5 Janvyè – 6 Febriye)** pandan semen sa ki koresponn a non fanmi pa w lan. Vizite www.bostonpublicschools.org pou dènye orè an.
- **Chwazi omwens senk (5) lekòl (piplis pibon).** Mete nan lis lan tout lekòl ou panse ki ka bon pou piti ou an. Liste premye chwa w lan, 2èm lan, 3èm lan, ensi desuit.
- Anvan w mete chwa w yon an lis lan, konsidere senk (5) kozman pi ba yo:
 1. **A ki pwen lekòl lan popilè?** Plis gen moun ki aplike pou yon lekòl, mwens ou gen chans jwenn plas nan lekòl sa a. Chèche "kote dyaman ye" nan sistèm lan.
 2. **Èske lekòl lan kote ou ka ale ak pye?** Otorite yo rezève senkant pousan* plas nan yon lekòl pou elèv k ap mache ale lekòl sa a. (Tchyeke pèsònèl yon "FRC", oubyen vizite www.bostonpublicschools.org pou enfòmasyon sou zòn apye.)
 3. **Èske ou déjà gen lòt timoun nan lekòl lan?** (Timoun ki déjà gen yon frè ou yon sè nan lekòl lan gen priyorite pou chèz ki disponib yo.)
 4. **Èske lekòl lan gen pwogram K1 (pou timoun laj 4 an)?** (K1 nòmalman, timoun yo pase monte epi yo ranpli divès plas K2 pou timoun laj 5 an yo.)
 5. **Èske lekòl lan ofri swen anvan- ou aprè-klas pou timoun nan gwoup laj piti ou an?** Asire w ou tchyeke sa a anvan w chwazi.

**Nou ka* ogmante l rive nan 60%.

SIYIFIKASYON (GLOSSARY) KOZMAN POU W KONNEN

BPS: vle di “Boston Public Schools”. An Kreyòl, nou ka di “Lekòl Piblik Boston yo”

“Assignment Zone”: Nou divize Boston an 3 zòn plasman (assignment): Lès, Nò, e Lwès (East, North and West). Fanmi lekòl elemantè yo ka chwazi lekòl anndan zòn yo an, ou anndan yon “mile” apati zòn yo an, kèlkeswa zòn plasman an. Yo ka chwazi nan tout lavil lan tou.

“Walk Zone”: Nan chak lekòl, nou rezève senkant pousan* plas yo pou timoun ki ka mache apye ale lekòl. Vizite www.bostonpublicschools.org ou rele yon “BPS Family Resource Center” pou w gen enfòmasyon nèt sou “Walk Zones” yo, epi pou w jwenn kilès lekòl pitit ou an elijib pou l frekante, avèk nan lis sa a lekòl sa yo ki nan “walk zone” ou zòn apye yo (prè lakay ou).

“BPS Family Resource Centers (FRCs)”: Pèsonèl nan tout twa “Sant Resous Fanmi” yo, ou biwo rejyonal nou ouvri pandan premye tou an, ka ede w chwazi e enskri pou lekòl.

K2: Se yon jounen konplèt (6-zè) pou matènèl ou kindègadenn pou timoun ki gen laj 5 an anvan premye (1er) Septanm. BPS garanti yon plas lekòl pou tout timoun ki enskri pou K2.

K1: BPS agrandi pwogram kindègadenn li an pou timoun laj 4 an (klas sa a se K1). An 2008, BPS gen 84 salklas K1 ak yon total 1,900 plas ki disponib. Nou ankò gen limit nan pwogram K1 an e nou pa ka garanti plas pou pwogram sa a.

K0: Se yon ti kantite plas nan “klas K0” an nou gen pou timoun ki gen laj 3 zan anvan premye Sept. Yo. Se plis timoun ak bezwen espesyal epi tifrè tisè elèv nan lekòl lan ki jwenn plas sa yo.

- **Nou mande w sonje ke yon jounen lekòl se sis (6) zè (nòmalman de 8:30 AM a 2:30 PM ou 9:30 AM a 3:30 PM). Asire w ke orè yon lekòl bon pou ou, epitou opsyon aprè klas li yo, e asire w tou ke w gen yon plan swen “back-up child care” pou pitit ou an (anka ou ta gen pwoblèm yon jou). Nou pa garanti plas pou K0 e K1, e pifò lekòl yo pa ofri sèvis aprè-klas pou timoun ki pankò gen laj 5 an. Pou plis enfòmasyon e pwogram “Head Start” pou ti katkat, rele “Child Care Choices of Boston” nan (617) 348-6641.**

“Early Education Centers (EECs) and Early Learning Centers (ELCs)”:

Seksyon BPS sa yo ofri K0 ou K1 jiska Klas 1 (1st grade) e yo gen swen anvan e aprè-klas gratis tou. Men, depi nan premye tou enskripsyon an (5 Janv. – 6 Fevr.), tout plas sa yo toujou ranpli.

“School Preview Time (SPT)”: Se yon peryòd ant Novanm e Janvyè kote Lekòl Piblik Boston envite w vini wè sa lekòl yo ap ofri anvan ou enskri pitit ou an. Ou ka jwenn yon orè nan yon “FRC”, yon bibliyotèk, depi novanm, oubyen vizite www.countdowntokindergarten.org.

“Pilot Schools”: Lekòl sa yo se yon pati nan “BPS”. Yo ede paran, pwofesè, ak administratè lekòl yo eseye estrateji edikatif ke yo pral pataje avèk lòt lekòl.

“Charter Schools”: lekòl piblik sa yo PA NAN sistèm BPS lan. Se “state Department of Education” an ki kontwole yo. Pou w jwenn lis lekòl sa yo ak lòt enfòmasyon, rele (781) 338-3227.

VIZIT LEKÒL YO: Yon Paj Pou Travay

Eseye itilize paj sa a pou ede w retri sa ou aprann konsènan lekòl yo, ranpli sèlman atik ki enpòtan pou ou yo, epi fè mezi kantite kopi ou bezwen.

Non Lekòl lan: _____

Kote li ye: _____

Kantite klas (K-5 ou K-8) epi # salklas pou chak:

Orè (lè) lekòl lan pou lane pwochèn: _____

Kantite total elèv yo e dimansyon klas yo (konbyen grandèt ki gen nan salklas lan?): _____

* * * * *

Fasilite (teren pou jwèt, "gym", kafeterya, bibliyotèk, pisin?): _____

Aparans lekòl lan ak atmosfè lekòl lan an jeneral: _____

* * * * *

Kourikoulòm: _____

Espesyalite/anrichisman (mizik, "art", syans, edikasyon fizik?): _____

Nòt "Test scores": _____

* * * * *

Pwogram avan- ou aprè – klas (èske yo disponib pou elèv K1 yo?): _____

Opòtinite pou paran yo patisipe: _____

Divèsite elèv ak pèsònèl yo: _____

* * * * *

Nòt konsènan pwofesè, direktè (prensipal), ak lòt pèsònèl yo:

Nòt adisyonèl (règleman sou inifòm, kalite disiplin, ak lòt kozman ki enterese w): _____

ENSKRIPSYON POU KINDÈGADENN NAN LEKÒL PIBLIK BOSTON YO: Baz yo

Kilès? Si pitit ou an pral gen laj 5 an nan dat ou anvan premye (1^{er}) Septanm 2009, nou garanti w yon plas nan kindègadenn sa a nou rele K2 an. (Kantite plas pou kindègadenn K1 yo kontinye ogmante pou timoun ki pral gen laj 4 an anvan 1^{er} Septanm. Nou gen yon kantite trè limite K0 ki disponib tou pou timoun ki pral gen laj 3 zan anvan 1^{er} Septanm. Paske nou pa gen sifizamman plas, nou pa garanti plas pou klas K1 ak K0 yo.)

Ki Dat? Premye tou (first round) enskripsyon yo rive ant 5 Janvyè e 6 Febvriye, selon yon orè pa òd alfabetik (kòmanse ak A – I nan 1^{er} semèn lan elatriye). Enskri nan premye tou an pou w gen meyè chans jwenn plas pou pitit ou an nan youn pami lekòl ou chwazi yo.

Ki Kote? Enskri nan nenpòt “BPS Family Resource Center”:

<u>Zòn Lès</u>	<u>Zòn Nò</u>	<u>Zòn Lwès</u>
1216 Dorchester Ave Dorchester, MA (617) 635-8015	55 Malcolm X Blvd. Roxbury, MA (617) 635-9010	515 Hyde Park Ave Roslindale, MA (617) 635-8040

Orè fonksyonman: 8:30 AM – 5:00 PM

Piplis kote (sites) – Sèlman peryòd enskripsyon 1er Tou an (First Round):
 ~ “East Boston”: 5 Janvyè – 6 Febvriye, 2009 ~ “City Hall”: 12-16 Janvyè, 2009 ~
 “Jackson Mann”: 26 Janvyè- 30 Janvyè, 2009
 FRC “East Zone” lan ap ouvri samdi 10, 17, 24 epi 31 Janvyè, 9:00 AM e 12:00 PM.

Kòman? Jou w ap enskri (anrejistre) an, pòte bagay sa yo avèk ou:

- ✓ Yon akde nesans (batistè) ou paspò pou pitit ou an
- ✓ Twa (3) prèv adrès (gade yon lis apwouve lòt bò paj sa a)
- ✓ A fòmilè medsen pitit ou an ranpli ak prèv vaksinasyon ou “immunizations” (wè yon lis nan lòt bò paj sa a)

Mete omwens 5 lekòl nan lis ou an sou aplikasyon w lan; pliplis pibon. Chwazi pami lekòl ki mwens popipilè yo, sonje “walk zone” yo ak preferans pou ti frè tisé pou w ka gen meyè chans jwenn plas nan lekòl sou lis ou an.

Pou enfòmasyon w plis sou chwa w yo, vizite www.bostonpublicschools.org →”register for schools” →”school choice” →”what are my schools”? Oubyen vizite www.countdowntokindergarten pou enfòmasyon konsènan “Visiting Schools”, “Showcase of Schools” ak lòt fason pou w aprann plis kozman.

Règleman BPS Konsènan Adrès (BPS Residency Policy)

Nan tan enskripsyon an, chak aplikan dwe prezante omwens **twà (3) prèv adrès konsènan kote yo rete an baze sou lis piba a**. Dokiman prèv sa yo dwe pou yo se enprime ak non epi adrès kourant paran ou gadyen elèv lan* pòte avèk you an jou enskripsyon an.

Nou pap aplike règleman konsènan adrès sa a pou elèv ki pa gen kay (homeless students) yo. Si w panse jan w ap viv lan, ou pa gen kay oubyen w ap viv nan sityasyon ki pa konfòtab, konsilte yon anplwaye Sant Resous Fanmi pou plis enfòmasyon.

Tout aplikan dwe prezante omwens yon dokiman nan chak kolòn:		
Kolòn A	Kolòn B	Kolòn C
<ul style="list-style-type: none"> • Kopi "Deed" AK dosye dènye pèyman mògedj ou fè k peye an; ou • Kopi "Lease" (ki gen lease BHA ak HUD) AK dosye pèyman ou fèk peye an; ou • Akò "section 8" lan; ou • "Affidavit legal" mèt kay lan ki afime ou se yon lokatè AK dosye dènye pèyman ou fè k peye an <p>Pou w ka jwenn yon kopi fòmilè "Affidavit" lan, vizite: www.bostonpublicschools.org/</p>	<p>Yon "bill" itilite ki pa pi vye pase 60 jou ki fè k pase yo, pake dosye sa a dwe gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Bòdwo peye gaz • Bòdwo peye luil • Bòdwo eletrik • Bòdwo telefòn (Nou pa aksepte bill telefòn pòtab.) • Bòdwo peye kabl <p>(Nou pa aksepte bòdwo peye dlo.)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Lisans chofè valid ak adrès • Rejistrasyon machin • Kat idantifikasyon Massachusetts valid ak foto sou li • Paspò valid <p>Ki pòte dat lane dènye:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fòmilè W – 2 • Taks machine (Excise tax bill) • Taks bill mèt kay (Property tax bill) <p>Ak dat nan 60 nou ki fèk pase yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Let yon ajans gouvènman apwouve • Souch chèk travay • Deklarasyon bank ou "credit card"

**Kozman gadyen legal lan dwe gen avèk li plis dokimantasyon ki sòti nan tribinal ou nan yon ajans. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou règleman adrès lan (residency policy) rele 617.635.9014.*

Ekzijans pou Vaksinasyon

Aplikan pou Kindègadenn K1 ak K2 dwe prezante prèv timoun lan te pran vaksen piba yon an tan enskripsyon an:

- o 3 dòz pou "Hep B"
- o 4 dòz pou Polyo
- o 5 dòz pou "DtaP/DTP"
- o 2 dòz pou "MMR"
- o 1 dòz pou "Varicella" (lawoujòl ou "chicken pox")

Vaksen piba yo ekzijan pou elèv aplikan pou K0 yo:

- 3 dòz pou "Hepatitis B"
- 4 ou plis dòz pou "DtaP/DTP"
- 3 ou plis dòz pou Polyo
- 1 dòz pou "MMR"
- 1 dòz "Vaksen Varicella" ou "MD Certified Hx"
- 3-4 dòz "Hib/HbOC/ Haemophilus influenza"

YON JOUNEN KINDÈGADENN NÒMAL

Pandan yon jounen kindègadenn sis zè (6 zè), elèv yo aprann atravè dewoulman yon bann aktivite ki varye de yon lekòl a lòt, men yon jounen nòmal souvan genyen:

- Yon reyinyon nan maten ki gen chanson, konte konbyen timoun ki prezan, kozman osijè tan an, ak lòt fason kreyatif pou elèv yo aprann konte, pratike pale an gwoup, epi diskite divès ide;
- Yon blòk lektè (literacy block) kote elèv yo patisipe nan gwo gwoup ak nan ti gwoup pou yo devlope abilte nan lekti ak nan redaksyon (ekri);
- Tan fleksib (ak libète) pou timoun yo chwazi divès sant (centre) oubyen estasyon pou yo jwe ak aprann;
- Tan pou jwèt ak aktivite matematik ki pou ede timoun yo aprann divès konsèp debaz tankou chema (patterns) e konte pa 2, pa 10; epi
- Tan rekreyasyon pou ekzèsis ak jwèt.
- Nou gen tan pou repo nan tout salklas K1 yo; sepandan, pifò pwogram K2 yo pa gen tan pou repo, oubyen si yo te genyen li, li disparèt piti piti nan lane an.

Diran semen lan:

- Timoun yo souvan pase tan ak espesyalis ki ka ap anseye aktivite atistik, teknik konpyoutè, mizik, oubyen lòt sijè;
- Timoun yo ka vizite bibliyotèk lekòl lan, yo ka ale nan lòt salklas pou aprann syans ak etid sosyal. Yo ka sòti ale deyò tou ak yon pwofesè santé pou yo fè ekzèsis;

Repa:

Lekòl yo sèvi repa maten ak repa midi chak jou, repa say o disponib pou tout timoun.

- Pou w konnen si wi ou non ou kalifye pou pitit ou jwenn repa gratis ou a pri redui, rele sèvis sa a: "BPS Dept. of Food Services": (617) 635-9144.
- Timoun yo ka pòte tou pwòp manje pa yo nan lekòl lan. Yo ka achte repa yo nan lekòl lan tou. Gen kèk pami lekòl yo, men se pa yo tout, ki gen kote ki gen manje san pistach. Mande si pistach ou manba se yon pwoblèm pou pitit ou an.

Dimansyon ou Gwosè Klas yo:

- Salklas kindègadenn K2 nan edikasyon regilye gen yon pwofesè a plen tan ak jiska 22 timoun. Dabitid, salklas K2 yo yon pwofesè asistan (teacher's aid) a tan pasyèl.
- Salklas kindègadenn K1 nan edikasyon regilye gen yon pwofesè a plen tan, yon pwofesè asistan a plen tan, ak jiska 22 timoun piplis.
- Salklas espesyal edikasyon, ak klas "inclusion" yo (klas ki gen ansanm timoun nòmal e timoun espesyal) gen mwens timoun ak 2 ou plis grandèt nan klas lan.

PWOGRAM ANVAN – AK APRÈ – KLAS

Pwogram yo varye de lekòl a lekòl; gen lekòl ki ofri sèvis sa a limenm, tandis ke gen lòt lekòl ki siyen kontra ak lòt òganizasyon pou sipò. Gen lekòl ki pran timoun ki gen laj 4 an, tandis ke gen lòt ki aksepte sèlman timoun laj 5 an ou pi gran. Gen kèk ki pa kòmanse ak timoun pi piti pase 6 zan. Sonje mande lekòl lan eksplikasyon konsènan pwogram daktivite, lè, konbyen tèl sèvis koute, ak ekzijans daj.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram yo ofri nan kominote w lan, tchyeke:

Gid “**2008-2009 Guide to Boston’s Before and After School Programs**”. Se yon gid de “BOSTNET” ki la nan tout bibliyotèk ak nan sant “BPS Family Resource Centers” yo, oubyen nan Internet lan nan “www.bostnet.org.” Ajans “**Child Care Choices of Boston**” kapab tou ede paran yo jwenn pwogram nan liy paran yo an ki se: 617-348-6641 (M-F 9:30-3:30), ou nan reyinyon pèsònèl ak konseye pedagojik yo.

TRANSPÒ

Timoun lekòl elemantè nòmalman jwenn transpò nan otobis si gen yon distans pi long pase yon “mile” ant lekòl lan e lakay yo. Lè w resevwa lèt plasman pou lekòl pitit ou an, w ap konnen si w gen transpò otobis. Si w kalifye pou transpò, nan fen mwa Dout lan, w ap jwenn yon lèt k ap endike w estasyon ak orè otobis lan. (Pou enfòmasyon konsènan transpò pou timoun andikape ou ki gen kondisyon medical serye, rele “BPS Health Services, 617-635-6788”, ou “Special Education”, 617-635-8599.)

Lokalizasyon Stòp Otobis yo:

Otobis lekòl lan pran e depoze pifò timoun ki gen dwa monte l yo nan yon kwen ki tou prè lakay yo. Si w panse stòp sa a yo bay pou pitit ou an twò lwen, oubyen li sitiye lòt bò yon lari danjrez, rele “BPS Transportation Department” nan 617-635-9520.

Lèt stòp pou Otobis:

Si yon otobis dwe pran ou depoze pitit ou an nan yon lòt stòp ki pa stòp lakay ou an, tankou kay yon granparan, ou yon pwogram aprè-klas, ou ka ranpli yon fòmilè daplikasyon pou “alternative transportation”. Moun ki pou ede w yo se direktè lekòl lan, yon “BPS Family Resource Center”, sou Internet nan www.bostonpublicschools.org. Demand ou sa a ka pran 2 ou 3 semèn pou yo apwouve li si:

- stòp ou mande an sou wout otobis ki ekziste nan ale ou sòti lekòl lan; epi
- otobis lan gen plas ladan li; epi
- demand ou an pa ajoute plis tan nan pakou otobis lan.

Pou piplis asistans ak kesyon transpò yo, relel:

- “BPS Transportation Department”: 617-635-9520
- “BPS Family Resource Centers”: 617-635-8015, 617-635-9010, 617-635-8040
- “BPS Hotline” (Sèlman nan mwa Out ak Septanm): 617-635-9046